



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, SENATÈ GILLIBRAND AK MANM DELEGASYON KONGRÈ YO ANONSE PLIS PASE 5 MILYON DOLA SIBVANSYON SEKIRITE ENTERYÈ FEDERAL POU LIT ANTI TEWORIS AK POU INISYATIV SEKIRITE PIBLIK ATRAVÈ ETA A

Finansman Federal la ap Ranfòse Taktik, Sovtaj ak Efò Deteksyon Eksplozif yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Senatè Kirsten E. Gillibrand ak Manm Delegasyon Kongrè New York yo (New York Congressional Delegation) te anonse jodi a, plis pase 5 milyon dola finansman sibvansyon Sekirite Enteryè federal pou gouvènman lokal atravè eta yo soutni inisyativ lit anti teworis epi ranfòse efò sekirite piblik yo. Finansman an ap sipòte ekip polis taktik, rechèch teknik ak operasyon sovtaaj, ak inite chyen deteksyon eksplozif, pandan y ap pwoteje enfrastrikti ki enpòtan yo atravè New York.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Finansman sa enpòtan anpil pou asire ke ekip repons ijans ak fòs lòd lokal New York yo prepare, fòme epi ekipe ak zouti ak eksperyans ki nesèsè pou pwoteje eta sa. Sibvanson sa yo sipòte fòmasyon ak taktik defans modèn e mwen felisite delegasyon Kongrè New York la pou patenarya yo pou sekirize finansman sa pou ede Nouyokè yo rete an sekirite.”

Delege Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), John Melville, te deklare: “Lè n founi gouvènman lokal yo lajan ki nesèsè pou sipòte sekirite piblik kominote y ap sèvi yo, sa se yon bagay esansyèl pou kenbe rezidan ak vizitè nou yo an sekirite. Pwogram sa yo pèmèt sekouris nou yo amelyore kapasite yo pou pwoteje vi ak byen.”

Finansman an, ki jere pa Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan ap sipòte kat domèn kle nan defans prevantif.

Pwogram Sibvansyon pou Ekip Taktik Sib la (Tactical Team Targeted Grant Program)

Eta a ap alwe 2.97 milyon dola finansman bay 30 òganizasyon atravè pwogram sibvansyon Ekip Taktik lan, ki konsantre sou dirabilite, mentnans ak amelyorasyon ekip ki an aksyon kounye a yo. Finansman an vize amelyore kapasite ki la deja yo

espesyalman pou aparèy eksplozif enpwovize oubyen misyon lit anti teworis yo. Sa ap fèt atravè mizanplas nòm yo adopte nan tout eta a ke Division Sèvis Jisis Penal la (Division of Criminal Justice Services) te etabli.

Ekip aktif ki gen plis pase 15 manm k ap reponn apèl pou sèvis ki pa nan yon etablisman koreksonèl yo te kalifye pou aplike pou jiska 100,000 dola finansman. Ekip ki gen omwen 10 manm e ki gen yon akò ak Divizyon Sèvis Jistis Penal la pou respekte egzijans 15 manm yo, te kalifye tou pou aplike pou finansman sa.

Benefisyè pwogram sibvansyon pou Ekip Taktik Sible Ane Fiskal 2016 la:

Sou-Benefisyè	Rejyon	Kantite lajan
Albany County	Capital Region	\$95,854
City of Albany	Capital Region	\$100,000
City of Binghamton	Southern Tier	\$98,317
Town of Clarkstown	Mid-Hudson Valley	\$99,999
Town of Colonie	Capital Region	\$100,000
Town of Eastchester	Mid-Hudson Valley	\$100,000
Erie County	Western NY	\$100,000
Town of Greenburgh	Mid-Hudson Valley	\$100,000
Greene County	Mid-Hudson Valley	\$100,000
City of Ithaca (Tompkins County)	Central NY	\$100,000
City of Jamestown	Western NY	\$100,000
City of Johnstown	Capital Region	\$100,000
Madison County	Central NY	\$96,500
Monroe County	Western NY	\$100,000
Nassau County	Long Island	\$100,000
City of New Rochelle	NYC/Metro	\$100,000
NYPD	NYC/Metro	\$100,000
City of Niagara Falls	Western NY	\$92,000
Niagara County	Western NY	\$99,000
Onondaga County	Central NY	\$100,000
Ontario County	Central NY	\$99,000
Orange County	Mid-Hudson Valley	\$100,000
City of Poughkeepsie	Mid-Hudson Valley	\$99,995
City of Rochester	Western NY	\$98,281
City of Schenectady	Capital Region	\$100,000

Town of Southampton	Long Island	\$94,810
Suffolk County	Long Island	\$99,810
City of Syracuse	Central NY	\$100,000
Westchester County	NYC/Metro	\$100,000
City of White Plains	NYC/Metro	\$100,000
Total		\$2,973,566

Pwogram Sibvansyon Sovtaj Teknik ak Rechèch ak Sovtaj Iben (Technical Rescue and Urban Search and Rescue Grant Program)

Eta a ap alwe plis pase 1 milyon dola finansman pou uit òganizasyon atravè pwogram sibvansyon Sovtaj Teknik ak Rechèch ak Sovtaj Iben, sou konpetisyon an. Finansman an ede ekip repons ijans yo amelyore kapasite ki lye ak operasyon repons pou efondreman estrikti, fose, espas fèmèn, ak sovta ak kòd yo. Ekip ki founi sèvis sa yo ka aplike pou finansman sibvansyon pou sèten ekipman, depans pou planifikasyon, egzèsis ak fòmasyon pou ogmante kapasite ekip yo plis pou yo reyaji lè gen zak teworis ak lòt katastwòf.

Benefisyè pwogram sibvansyon Sovtaj Teknik ak Rechèch ak Sovtaj Iben pou Ane Fiskal 2016 la:

Sou-Benefisyè	Rejyon	Kantite lajan
Cayuga County	Central NY	\$150,000
Erie County	Western NY	\$139,000
FDNY	NYC/Metro	\$50,000
Hartsdale Fire District	NYC/Metro	\$149,212
Monroe County	Western NY	\$149,836
City of Port Jervis	Mid-Hudson Valley	\$136,760
Suffolk County	Long Island	\$150,000
Westchester County	NYC/Metro	\$94,212
Total		\$1,019,020

Pwogram Sibvanson Dresaj Chyen pou Deteksyon Eksplozif (Explosive Detection Canine Grant Program)

Eta ap afekte \$642,776 finansman pou 22 ajans lapolis lokal pou devlope oswa konsève yon Ekip Chyen pou Deteksyon Eksplozif. Sa make 8^{yèm} ane youn dèyè lòt ke New York te bay finansman federal sekirite enteryè pou devlope epi kenbe ekip chyen pou deteksyon eksplozif. Plis pase 3.6 milyon dola te afekte pou sipòte pwogram sa depi kòmansman li.

Objektif pwogram sibvansyon an se pou founi jiska 50,000 dola finansman bay kandida

ki reyisi yo pou devlopman yon ekip deteksyon eksplozif oswa jiska 15,000 dola finansman pou soutni epi/oswa amelyore kapasite ekip ki te devlope deja yo. Ekip yo founi yon faktè prevansyon, pwoaktif nan zòn ki gen risk elve yo, tankou aktivite rasanbleman foul ak sit enfrastrikti enpòtan yo. Yo te egzije ajans polis yo fè konpetisyon pou finansman sa.

Benefisyè pwogram sibvansyon Dresaj Chen pou Deteksyon Eksplozif Ane Fiskal 2016 la:

Sou-Benefisyè	Rejyon	Kantite lajan
City of Albany	Capital Region	\$7,919
Albany County	Capital Region	\$14,310
City of Binghamton	Southern Tier	\$14,937
Chautauqua County	Western NY	\$15,000
Chemung County	Sothern Tier	\$27,500
Erie County	Western NY	\$15,000
Village of Goshen	Mid-Hudson Valley	\$50,000
Madison County	Central NY	\$15,000
City of Middletown	Mid-Hudson Valley	\$50,000
Monroe County	Western NY	\$14,200
NYPD	NYC/Metro	\$65,000*
Niagara County	Western NY	\$14,600
Oneida County	Central NY	\$50,000
Onondaga County	Central NY	\$65,000*
Orange County	Mid-Hudson Valley	\$50,000
City of Peekskill	NYC/Metro	\$50,000
Town of Poughkeepsie	Mid-Hudson Valley	\$15,000
City of Rochester	Western NY	\$15,000
Town of Saugerties	Mid-Hudson Valley	\$15,000
Suffolk County	Long Island	\$15,000
City of Syracuse	Central NY	\$14,310
Westchester County	NYC/Metro	\$50,000
Total		\$642,776

*Te resevwa finansman pou devlopman yon ekip ak mentyen/amelorasyon ekip ki devlope deja.

Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Enpòtan (Critical Infrastructure Grant Program)

Eta a ap alwe \$394.719 a uit òganizasyon atravè pwogram sibvansyon pou Enfrastrikti Enpòtan an, kap bay jiska \$50.000 finansman pou kandida ki reyisi yo pou pwoteje enfrastrikti enpòtan, ki enkli espas evenman spesyal ak espas fòmasyon yo. Benefisyè yo te aplike nan omwen de ajans sekouris ki te gen responsablite pou fè prevansyon oswa pwoteksyon nan sit yo te chwazi yo. Sekouris sa yo se polisye, kò ponpye, ajans jesyon ijans, pwofesyonèl enfòmasyon oswa ajans travo piblik. Kandida yo presize yon sit enfrastrikti enpòtan tou, remèt reyalizasyon yon evalyasyon risk ak evalyasyon kapasite sekouris lokal pou sit la, epi pwopoze yon bidjè ki bay detay sou kijan finansman an ta ka itilize pou diminye risk yo idantifye yo.

Benefisyè Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Enpòtan Ane Fiskal 2016 la:

Sou-Benefisyè	Rejyon	Kantite lajan
City of Albany	Capital Region	\$50,000
Town of Cheektowaga	Western NY	\$50,000
Erie County	Western NY	\$45,519
Nassau County	Long Island	\$50,000
Monroe County	Western NY	\$50,000
Suffolk County	Long Island	\$50,000
City of Troy	Capital Region	\$49,200
City of Yonkers	NYC/Metro	\$50,000
Total		\$394,719

Senatè Kirsten E. Gillibrand te di: “Finansman sa yo ap ede kenbe kominote toupatou nan eta nou an, an sekirite kont menas a sekirite yo. New York se sib nimewo en pou laterè nan lemond, e nou bezwen asire nou ke polis lokal nou an gen resous yo bezwen pou pwoteje kominote nou yo. M ap toujou lite pou gen resous ak fon ki nesesè pou pwoteje Nouyokè yo epi kenbe eta nou an, an sekirite.”

Manm Kongrè Eliot Engel, te di: “Ak ogmantasyon presipite krim èn atravè peyi a—ki enkli yon ogmantasyon nan menas anti-Semitik ki fèt kont Sant Jwif yo ak vyolans kont mizilman yo—sekirite piblik la dwe rete yon priorite. Pandan plizyè ane mwen te goumen pou ogmantasyon depans federal pou inisyativ anti teworis nan rejyon nou an e mwen kontan ke Gouvènè Cuomo ap alwe resous federal sa yo bay pwojè k ap kenbe Nouyokè yo an sekirite.”

Manm Kongrè Nita M. Lowey te deklare: “New York kontinye yon sib pou atak teworis yo, e mwen kontan ke fon federal sa yo ap sèvi pou ranfòse kapasite sekouris nou yo pou pwoteje kominote nou yo rapidman e nan fason ki desizif. Nan konvèsasyon mwen ak lidè kominotè yo sou menas bonb nan Hudson Valley yo lòtrejou, mwen te fè l klè ke nou dwe kontinye investi plis fon nan pwogram ki enpòtan anpil sa yo. Antanke Manm Komite Kredi Lachanm (House Appropriations Committee), m ap kontinye goumen pou asire ke polis lokal la genyen sipò konplè gouvènman federal la ak resous pou kenbe Zòn Anba Hudson Valley a an sekirite.”

Manm Kongrè Gregory W. Meeks te di: “Youn nan prensipal responsablite ak angajman m antanke yon Manm nan Kongrè a se pwoteje pèp Ameriken an kont sila yo k ap chèche fè nou mal. Mwen kwè ke m ap ede kenbe angajman sa lè m ede sekirize finansman sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou anons sa e ki toujou reyini avè m nan konba san fen pou kenbe kominote nou yo an sekirite.”

Manm Kongrè Brian Higgins, te di: “Pou kenbe kominote nou yo an sekirite, sa mande yon efò ki kowòdone nan tout nivo gouvènman an. Finansman federal sa ap sipòte pwogram, fòmasyon ak enfrastrikti pou ede sekouris ak pwofesyonèl polis yo vin aktif nan prevansyon epi prepare pou reponn a sitiyasyon kote sekirite piblik la ka gen risk.”

Manm Kongrè Paul Tonko te di: “Finansman sa reprezante yon investisman enpòtan nan sekirite kominote nou yo, ki se youn nan responsablite ki pi fondamantal pou nenpòt gouvènman. Li enpòtan ke pwogram sa yo jwenn èd yo bezwen pou kenbe oubyen amelore sekirite piblik ak sèvis anti teworis yo atravè Rejyon Kapital la. Ak sipò sa, kominote nou yo ka repoze yon ti kras pi fasil, lè yo konnen ofisyèl polis ki pwoteje nou yo gen zouti ak resous yo bezwen pou travay la fèt.”

Manm Kongrè Tom Reed te di: “Nou kontan pou wè ke yon pati nan 23^{yèm} Kongrè Distri New York yo fè pati dekesman pou finansman Sibvansyon Sekirite Enteryè federal eta a. Mwen sousye pou m asire ke kominote lokal nou yo gen aksè a finansman k ap ede sipòte inisyativ anti teworis epi ranfòse sekirite piblik la.”

Manm Kongrè Sean Patrick Maloney te di: “Gouvènè Cuomo te fè bon apèl pou investi nan Hudson Valley – investisman enpòtan sa ap asire ke polis ak sekouris yo gen zouti ak fòmasyon yo bezwen pou konbat teworis epi reyaji nan sitiyasyon danjere yo. Mwen ap atann pou kontinye travay mwen ansanm ak Gouvènè a pou kenbe kominote nou yo an sekirite kont menas teworis epi prepare pou katastwòf natirèl yo.”

Manm Kongrè Lee Zeldin te di: “Ak ogmantasyon menas teworis nasyonal nan peyi nou an, finansman sa enpòtan anpil pou kenbe kominote, eta ak peyi a an sekirite e san danje. Nou dwe rete vijilan ke jamè. Bay finansman ki nesesè pou amelyore preparasyon anti-teworis, ijans ak enfrastrikti nou, sa ede Nouyòk yo prepare pou menas posib yo.”

Manm Kongrè Dan Donovan te di: “Atak teworis toupatou nan mond lan, e bonbadman nan Chelsea ane pase a fè limyè sou nesesite pou ranfòse pwogram ak

inisyativ anti teworis yo. Finansman sa yo ap asire ke ofisye polis yo gen resous ki nesesè pou konbat menas laterè epi pwoteje kominote nou yo. Responsablite nimewo en Gouvènè a se pwoteje sitwayen li yo, ki se rezon ki fè mwen te goumen pou ranvèse rediksyon finansman sekirite enteryè yo te pwopoze a pou pwoteje pwogram ki sekirize Nouyokè ak tout Ameriken.”

Manm Kongrè Adriano Espaillat te di: “Asire sekirite Nouyokè yo se yon priyorite prensipal e anons jodi a se yon lòt prèv angajman nou pou sipòte polis, depatman sovtaaj yo, ekip taktik yo ak inite sèvis ijans vital yo pou garanti yo an mezi pou reyalize misyon yo nan fason ki reyisi pou pwoteje epi sèvi rezidan New York yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou efò li pou ranfòse pwogram anti teworis ak sekirite piblik yo nan tout eta a, e mwen prè pou ede nan nivo federal pou asire ke inisyativ sa yo aplike nan fason ki reyisi.”

Manm Kongrè Thomas Suozzi te di: “Gouvènè Cuomo ak ekip li a te fè yon travay efikas nan travay ak gouvènman federal la pou eseye maksimize sipò federal la pou efò Eta yo. Mwen atann pou kontinye patenarya sa pou asire ke rezidan Queens, Nassau ak Suffolk yo an sekirite e ke Eta nou an resevwa plis nan pataj fon federal ki ekitab yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418